Өзбекистан Республикасы атынан

ҲҮКИМ

2025-жыл 11-июнь күни жынаят ислери бойынша Қоңырат районы суды имаратында, ашық суд мәжилисинде, жынаят ислери бойынша Қоңырат районы судының баслығы Е.Бердиевтиң басшылығында, судья жәрдемшиси Қ.Абиповтың хаткерлигинде, мәмлекетлик айыплаўшы, Қоңырат районы прокуроры жәрдемшиси М.Урымбаев, судланыўшы XXXXXXтың қатнасында, сорастырыў уйымы тәрепинен Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң 122-статьясы 1-бөлими менен айыпланған XXXXXXтың қарсысына болған 1-2304-2501/69 (тергеў 352156/2025-1рс)-санлы жынаят исин көрип шықты

XXXXXX 1982-жыл 11-сентябрь күни Қоңырат районында туўылған, миллети өзбек, Өзбекстан Республикасы пуқарасы, мағлыўматы орта-арнаўлы, семьясынан ажырасқан, жумыссыз, алдын судланбаған, Қоңырат районы, XXXXXXXX жасаған, 2025-жыл 12-февраль күни «тилхат» бас шарасы қолланылған, бас шарасы 2025-жыл 9-апрель күнинен баслап "қамақ" бас шарасына алмастырылып, қыдырыў жәрияланған, 2025-жыл 24-апрель күни иркилген, айыплаў акт көширмесин 2025-жыл 6-март күни почта арқалы жиберилген.

Суд, суд мәжилисинде судланыўшы ҳәм гүўаның көрсетиўлерин, мәмлекетлик айыплаўшының пикирлерин, судланыўшының қорғаў, жарыс ҳәм ақырғы сөзлерин тыңлап, ис материалларын тексерип ҳәм оларға баҳа берип, төмендегилерди

а н ы қ л а д ы:

Судланыўшы XXXXXX пуқаралық ислери бойынша Қоңырат районлар аралық судының 09.11.2022-жыл суд буйрығына тийкар өндириўши XXXXXXX тәрбиясындағы 03.09.2013-жылы туўылған XXXXXXXX, 12.09.2011-жылы туўылған XXXXXXXXXXX перзентлериниң материаллық тәмийнаты ушын, олар 18 жасқа толғанға шекем ҳәр айда ис-ҳақы ҳәм басқада табысларының 1/3 бөлеги муғдарында алимент төлеў белгиленип, 09.11.2022-жылдан 01.07.2024-жылға шекем болған аралықта 47.282.805 сом алимент төлеўден бас тартқанлығы себепли 22.07.2024-жыл жынаят ислери бойынша Қоңырат районы суды тәрепинен Өзбекстан Республикасы ҲЖхКниң $47^{4}$-статьясы менен ҳәкимшилик жууапкершиликке тартылғанлығынан тийисли жуўмақ шығармастан, 01.07.2024-жылдан баслап 01.01.2025-жылға шекем еки ер жетпеген перзентлери ушын төлениўи лазым болған жәми 10.627.470 сом алимент пулларын төлеўден қастан бас тартып келген.

XXXXXX өзиниң жынайый ис-ҳәрекетлери менен Өзбекистан Республикасы Жынаят кодексиниң 122-статьясы 1-бөлиминде нәзерде тутылған жынаятты қастан ислеген.

Судланыўшы XXXXXX суд мәжилисинде айыбын толық мойынлап, пуқара XXXXXX менен 2009-жылы турмыс қурғанлығын, өз-ара



Хужжат имзоланган: BERDIYEV YERPOLAT TUREMURATOVICH, 04.07.2025
1-2304-2501/69

келиспеўшиликлер себепли 2022-жылы ажырасып кеткенлигин, арасында еки перзенти бар екенлигин, 09.11.2022-жыл пуқаралық ислери бойынша Қоңырат районлар аралық суды тәрепинен еки перзентиниң материаллық тәмийнаты ушын, олар 18 жасқа толғанға шекем ҳәр айда ис-ҳақы ҳәм басқада табысларының 1/3 бөлеги муғдарында алимент өндирилиўи белгиленгенлигин, жумыссызлығы себепли алимент төлеў мүмкиншилиги болмай атырғанлығын, 01.07.2024-жылдан баслап 01.01.2025-жылға шекем алименттен қарыздарлығы 10.627.470 сомды қурайтуғынлығын, бул пулларды тез күнде төлеўге ҳәрекет қылатуғынлығын билдирип, көрсетиў берди.

Гүўа М.Матсапаев суд мәжилисинде Қоңырат районы МОБ мәмлекетлик орынлаўшысы болып ислейтуғынын, пуқаралық ислер бойынша Қоңырат районлара судының 09.11.2022-жыл суд буйрығына тийкар қарыздар XXXXXXтан өндириўши С.Кожамуратованың пайдасына оның қарамағындағы 2010-жыл 6-август күни туўылған Рашидов Суннатбек Рашид улы ҳәм 2014-жыл 19-май күни туўылған Рашидова Сабрина Рашидовна атлы перзентлериниң материаллық тәмийнаты ушын, олар 18 жасқа толғанға шекем ҳәр айда ис-ҳақы ҳәм басқада табысларының 1/3 бөлеги муғдарында алимент төлеў белгиленип, 09.11.2022-жылдан 01.07.2024-жылға шекем болған аралықта 47.282.805 сом алимент төлеўден бас тартқанлығы себепли 22.07.2024-жыл жынаят ислери бойынша Қоңырат районы суды тәрепинен Өзбекстан Республикасы ҲЖхҚниң $47^4$-статьясы менен ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылғанлығынан тийисли жуўмақ шығармастан, 01.07.2024-жылдан баслап 01.01.2025-жылға шекем еки ер жетпеген перзентлери ушын төлениўи лазым болған жәми 10.627.470 сом алимент пулларын төлеўден қастан бас тартып киятырғанлығын, усы қарыздарлықты төлеўди сорап карыздарға бир неше мәрте аўыз еки ҳәм жазба түрде ескертиўлер бергенин, бирақ қарыздар XXXXXX усы күнге шекем нызамлы талапларын орынламай келгенин билдирип, көрсетиў берди.

Судланыўшы XXXXXXтың айыбы оның өзиниң ҳәм гүўаның суд мәжилисинде берген көрсетиўлери менен, сондай-ақ ис бойынша топланған басқада дәлиллер жыйындысы, яғный:

- мәжбүрий орынлаў бюросы Қоңырат районы бөлими баслығы атына берилген мәмлекетлик орынлаўшы М.Матсапаевтың 17.01.2025-жыл мәлимлемеси менен (истиң 4 бети);

- Қоңырат районлараа пуқаралық ислери бойынша судының 09.11.2022-жыл суд буйрығы менен (истиң 5 бети);

- орынлаў исин қозғатыў ҳаққындағы мәмлекетлик орынлаўшының 09.11.2022-жыл қарары менен (истиң 6 бети);

- XXXXXXты Өзбекстан Республикасы ҲЖхҚниң $47^4$-статьясы менен ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартыў ҳаққында жынаят ислери бойынша Қоңырат районы судының 22.07.2024-жыл қарары менен (истиң 57-58 бетлери);

Хужжат имзоланган: BERDIYEV YERPOLAT TUREMURATOVICH, 04.07.2025

- алимент қарызын есаплаў ҳаққындағы Қоңырат районы мәжбүрий орынлаў бюросы мәмлекетлик орынлаўшысы М.Матсапаевтың 17.01.2025-жыл қарары менен (истиң 59-60 бетлери);

- сорастырыў дәўиринде топланған басқада дәлиллер менен толық тастыйықланады.

Суд, судланыўшы XXXXXXтың айыбын тастыйықлаўшы исте топланған дәлиллердиң суд мәжилисинде өз тастыйығын тапқанлығы себепли оларды исенимли дәлийллер деп табады.

Суд, судланыўшы XXXXXXтың “усындай ҳәрекетлери ушын ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылған бола тура, ер жетпеген еки перзентин материаллық жақтан тәминлеў ҳаққында суд буйрығына тийкар өндирилиўи лазым болған пулларды жәми болып еки айдан артық мүддет даўамында төлемеў”деги ҳәрекетлери сорастырыў органы тәрепинен Өзбекистан Республикасы ЖКниң 122-статьясы 1-бөлими менен дурыс квалификация етилген деп есаплайды.

Суд, судланыўшы XXXXXXқа жаза тайынлағанда оның қылмысынан пушайманлығын оның жазасын жеңиллестириўши тәреплери деп, жазаны аўырластырыўшы ҳалатлар жоқ деп есаплап, оған Өзбекистан Республикасы ЖКниң 122-статьясы 1-бөлими санкциясы шеңберинде еркинен айырыў жазасын тайынлаўды лазым тапты.

Суд, ҳүким нызамлы күшине киргеннен соң жуўапкер XXXXXXтан жәбирлениўшиниң нызамлы ўәкили XXXXXXXXXX пайдасына 10.627.470 сом пулларды өндириўди лазым тапты.

Өзбекистан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 454-457, 463, 465-468, 471-473-статьяларына әмел қылып, суд

ҳ ү к и м е т т и:

Судланыўшы XXXXXX Өзбекистан Республикасы ЖКниң 122-статьясы 1-бөлиминде нәзерде тутылған жынаятты ислегенликте айыплы деп табылсын.

Судланыўшы XXXXXXқа Өзбекистан Республикасы ЖКниң 122-статьясы 1-бөлими менен, 6 (алты) ай мүддетке еркинен айырыў жазасы тайынлансын.

Еркинен айырыў жазасын мәнзил колонияларда өтеў белгиленсин.

Тайынланған еркинен айырыў жазасын өтеў мүддети 2025-жыл 24-апрель күнинен баслап есаплансын.

Судланыўшы XXXXXXқа қолланылған “қамаққа алыў” бас шарасы өзгериссиз қалдырылсын.

Суд, ҳүким нызамлы күшине киргеннен соң жуўапкер XXXXXXтан жәбирлениўшиниң нызамлы ўәкили XXXXXның пайдасына 10.627.470 сом пулларды өндириўди лазым тапты.

Ҳүкимнен наразы тәреп ҳүким жәрияланған күннен баслап он сутка ишинде, ал судланыўшы ҳәм жәбирлениўшиниң нызамлы ўәкили ҳүким көширмесин алған күннен баслап усы мүддет ишинде Қарақалпақстан Республикасы суды жынаят ислери бойынша судлаў коллегиясына

Хужжат имзоланган: BERDIYEV YERPOLAT TUREMURATOVICH, 04.07.2025

апелляция тәртибинде, бул мүддет өткеннен соң кассация тәртибинде нарийзалық арза келтириўге, прокурор протест билдириўге ҳақылы.

Басшылық етиўши: Е.Бердиев

Негизине дурыс: Е.Бердиев

Ҳужжат имзоланган: BERDIYEV YERPOLAT TUREMURATOVICH, 04.07.2025